**दिन–सोमवार** **दिनांक–01.09.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

निर्वाचन आयोगक दिस सँ प्रकाशित प्रारूप मतदाता सूची पर दावा आपत्ति दर्ज करेबाक समय सीमा आइ समाप्त भऽ गेल। अंतिम मतदाता सूची के प्रकाशन तीस सितंबर के कयल जायत। आयोगक दिस सँ जारी विज्ञप्ति मे जनाओल गेल अछि जे एसआईआर के अंतर्गत आइ दिन के तीन बजे धरि दू लाख तिरपन हजार पांच सय चौबीस मतदाता लोकनि प्रारूप सूची पर दावा–आपत्ति दर्ज करौलनि अछि। ओतहि, राजनीतिक दल भाकपा–माले के दिस सँ एक सय अठारह आ राजदक दिस सँ दस दावा–आपत्ति दर्ज कराओल गेल अछि। भाजपा सूची सँ नाम हटेबाक लेल सोलह आवेदन देलक अछि। नओ मान्यता प्राप्त राजनीतिक दल सभक दिस सँ कोनो प्रकारक दावा–आपत्ति दर्ज नहि कराओल गेल अछि। आयोगक अनुसार एखन धरि दू लाख सत्रह हजार उनचास लोकनि आपन नाम प्रारूप सूची सँ हटेबाक लेल आवेदन कयलनि अछि। जखनकि छत्तीस हजार चारि सय पचहत्तरि मतदाता लोकनि अपन नाम सम्मिलित कयल जयबा के लऽकऽ दावा प्रस्तुत कयलनि अछि। मतदाता सूची मे नाम जोड़ेबाक लेल सोलह लाख छप्पन हजार आठ सय छियासी नव आवेदन सेहो प्राप्त भेल अछि।

---

सुप्रीम कोर्ट एसआईआर के अंगर्तत प्रारूप सूची पर दावा–आपत्ति के समय सीमा बढ़ेबाक मांग करऽबला याचिका के खारिज कऽ देलक अछि। मामिलाक सुनवाई करैत न्यायमूर्ति सूर्यकान्त आ न्यायमूर्ति जॉयमाल्या बागची के पीठ ई निर्णय सुनौलनि। निर्वाचन आयोगक दिस सँ कहल गेल जे जँऽ एक सितंबर के बादो प्रारूप सूची पर दावा–आपत्ति अबैत अछि तखन ओहि पर सेहो विचार कयल जायत।

---

एसआईआर के विरूद्ध आयोजित महागठबंधनक भोटर अधिकार यात्रा आइ समाप्त भऽ गेल। यात्राक अंतिम दिन आइ पटना मे कांग्रेस अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खड़गे, पार्टीक वरिष्ठ नेता राहुल गांधी, अशोक गहलोत, राजद नेता तेजस्वी प्रसाद यादव, झारखंड मुक्ति मोर्चाक हेमंत सोरेन, वीआईपीक प्रमुख मुकेश सहनी आ भाकपा–माले के दीपंकर भट्टाचार्य सहित

विभिन्न घटक दलक नेता लोकनि सम्मिलित भेलाह। ई यात्रा गांधी मैदान स्थित गांधी प्रतिमा के लऽग सँ शुरू भेल आ पटना हाई कोर्ट परिसर मे स्थित डॉक्टर भीमराव अंबेडकर के प्रतिमा के लऽग संपन्न भेल। यात्राक क्रम मे डाकबंगला चौराहा पर आयोजित जनसभा के संबोधित करैत कांग्रेसक वरिष्ठ नेता राहुल गांधी चुनाव आयोग आ केन्द्र सरकार पर संवैधानिक, लोकतांत्रिक मूल्यक अवहेलना करबाक आरोप लगौलनि। ओ कहलनि जे बिहार मे एसआईआर के नाम पर गरीब आ वंचित सभ के मत देबाक अधिकार छीनल जा रहल अछि।

———————————————————

राजद नेता तेजस्वी प्रसाद यादव कहलनि जे चुनाव आयोग एहेन संवैधानिक संस्था के माध्यमे केन्द्र सरकार लोक सभ के मताधिकार उपयोग करबा सँ वंचित करबाक प्रयास कऽ रहल अछि। एहि सँ पहिने सभा के झारखंड के मुख्यमंत्री हेमंत सोरेन आ वीआईपी के मुकेश सहनी सहित कतेको आन नेता लोकनि सेहो संबोधित कयलनि।

———————————————————

एनडीए महागठबंधनक भोटर अधिकार यात्रा के आलोचना कयलक अछि। भाजपाक वरिष्ठ नेता आ सांसद रविशंकर प्रसाद कहलनि जे एहि यात्राक दरमियान महागठबंधनक घटक दल सभ मध्य मतभेद उजागर भऽ गेल अछि। प्रदेश भाजपा अध्यक्ष दिलीप जायसवाल कहलनि जे बिहार मतदाता लोकनि भोटर अधिकार यात्राक के पूर्ण रूपेण नकारि देलनि अछि। ओ कहलनि जे एहि यात्रा के दरमियान प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के लेल अपशब्दक प्रयाग कयल गेल। जाहि सँ हिनका लोकनिक मानसिकता उजागर होयत अछि। एम्हर जदयूक वरिष्ठ नेता अशोक चौधरी कहलनि जे भोटर अधिकार यात्राक दरमियान विपक्षक राजनीति के खसति स्तर देखल गेल। सार्वजनिक मंच सँ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के विरूद्ध असंसदीय टिप्पणी कयल गेल जेकरा राज्यक जनता क्षमा नहि करत।

———————————————————

केन्द्रीय कोयला आ खान मंत्री जी. किशन रेड्डी आइ पटना मे एक उच्च स्तरीय विभागीय समीक्षा बैसक कयलनि। बैसक के बाद श्री रेड्डी पत्रकार लोकनि सँ गपशप करैत कहलनि जे बिहार मे खनन क्षेत्र मे विशेष संभावना अछि।

———————————————————

राजगीर मे एशिया कप हॉकी पुरूष चैपियनशिप मे भारत एखन सँ किछु काल बाद सांझ साढ़े सात बजे अपन अंतिम लीग मैच कजाख्स्तान के संग खेलत। भारतीय टीम एखन

धरि अपन दू मैच मे चीन आ जापान के विरूद्ध जीत हासिल कयलक अछि। भारत अंक तालिका मे छओ अंक के संग पहिल स्थान पर अछि। भारत आ कजाख्स्तान के बचल मैचक सीधा प्रसारण आकाशवाणी के पटना केन्द्र सँ कयल जायत। एम्हर आइ खेलल गेल पूल–बी के आन मोकाबिला मे कोरिया के टीम बांग्लादेश के पांच–एक के अंतर सँ पराजित कयलक।

——————————————————————

बिहार लोक सेवा आयोग एकहत्तरम संयुक्त प्रारंभिक प्रतियोगिता परीक्षाक कार्यक्रम जारी कऽ देलक अछि। ई परीक्षा तेरह सितंबर के मध्यक बारह बजे सँ अपराह्न दू बजे धरि आयोजित कयल जायत।

——————————————————————

मौसम विभाग कहलक अछि जे सितंबर मास मे राज्यक बेसीतर भाग मे सामन्य वर्षा हेबाक संभावना अछि। विभाग कहलक अछि जे एहि अवधि मे राज्य मे उच्चतम आ न्यूनतम तापमान सामान्य सँ बेसी रहत। अगस्त मासक दरमियान राज्य मे सामान्य सँ नओ प्रतिशत कम वर्षा दर्ज कयल गेल। एम्हर, विभाग अपन पूर्वानुमान कहलक अछि काल्हि राज्यक उत्तर–पूर्वी, पश्चिमी आ मध्य भाग मे तेज हवा के संग वर्षा हेबाक संभावना अछि।

——————————————————————

समाप्त